

Jean-Albert «Johnny» Pun – Sa k fè yon ero?

Christine Barnden – Oktòb 2005

Se istwa ajan polis Pun, yon ero vre epi yon modèl pou kominote a. Se yon vrè istwa ke yo ta dwe rakonte tout timoun Ayiti ak timoun nan dyaspora.

Kisa yon ero ye?

Gen moun ki di fò yon moun ta fè yon bagay estraòdinè pou yo ta konsidere l yon ero, tankou pa egzanp: sove lavi yon moun ouswa batay nan yon lagè.

Men èske l posib pou yon ero ta yon moun ki ba ou sa ou bezwen, menm si se PA sa ou ta bezwen? Tankou fòse ou fè pouchòp lè ou ta rive lekòl an reta oubyen dèske ou pa t fè devwa w. Se sa Johnny te mande Luiggi Cusati pou l fè. Luiggi pa t sipòte jan de tretman sa a, epi li kite lekòl. Men Johnny pa t abandone Luiggi pou sa. Johnny te rele l epi ankouraje l tounen lekòl. Kisa Luiggi te panse de Johnny? Li panse Johnny te aji byen di ak li, men nan fon kè l, li te konn poukisa. Johnny te anvi ede l reyisi nan lavi l. Pou li kite lavi paweze nan lari pou l te ka evite pwoblèm.



Sanble se sa lavi Johnny te ye: ede jèn Ayisyen, touche lavi yo epi fè yon diferans ki ka ede yo a lavni.

Men Johnny mouri semèn pase. Li te gen 37 ane. Li mouri nan yon aksidan trajik lè yon kamyonèt te frape motosiklèt li. Plizyè milye moun siyen deja yon liv vizitè sou entènèt la¹, an memwa selebrasyon lavi Johnny. Yo pataje bèl istwa kijan Johnny te fè yon diferans nan lavi jenn moun k ap viv nan Delray Beach e kòman fanmi l ak tout moun ki te konnen l pral sonje l. Kèk nan moun sa yo (ki te ekri nan liv vizitè a) pa t menm gen chans rankontre ak Johnny, men yo te pran nouvèl enfluyans pozitif li sou kominote a.

Èske Johnny te yon ero? Petèt nou dwe mande moun k ap viv nan Delray Beach.

«Li te montre bon jan konpasyon pou moun. Chak fwa m te kote Johnny, mwen te santi m yon moun espesyal. Mwen p ap janm bliye ou Johnny paske ou se egzanp yon vrè òm de byen. Ou se ERO mwen. Ou te gen yon kè yon zanj pandan w te sou latè, men kounyeya ou rive nan syèl kote ou apateni.» **Sherley Cesar (Miami, FL)**

«Malerèzman mwen pa t gen chans fè konesans li, men mwen sèlman tande bon bagay moun ap di de mesye sa a ki ale ak tristès. Li te yon vrè ERO.» **Dominique Mondesir (Delray Beach, FL)**

Kisa l te fè ki fè yo konsidere l yon ero?

«Ofisye Pun te prepare yon bèl lavni pou anpil nan jenn moun nou yo ki nan kominote a. Li te bay anpil jenn moun nan vil nou an yon dèzyèm chans; li te ba yo zèl pou yo kapab vole. Li te sèvi kòm pon pou kominote Ayisyen an.» **Dominique Mondesir (Delray Beach, FL)**

«Li te tankou yon gran frè pou mwen, epi l te toujou kanpe sou sa li t ap fè chak fwa l te wè m pou l te mande m kijan mwen ye ak tigason mwen an.... epi kijan bagay yo te ye pou mwen.» **Karen Davis (Delray Beach, FL)**

¹ Tout kòmmanchè ke zanmi ak fanmi Johnny, ki rete nan kominote *Delray Beach*, fè. Ekstrè ki soti nan *Legacy Guest Book*.

«Johnny, m ap toujou sonje ou kòm yon bon zanmi. Ou te toujou trete tout moun ak respè e diyite; se te toujou yon plezi pou bò kote ou. Eritaj ou kite a ap la pou tout tan.» **Nixon Joseph (Coconut Creek, FL)**

«Johnny, Ou te pi bon gwo kouzen mwen te kapab genyen. Ou te toujou la ap ankouraje, enspire m sensèman. Ou te konn toujou di m sa mwen te bezwen tande olye sa mwen te anvi tande. Youn nan dikton m pi renmen yo se: «Mwen ta pito wè yon prèch olye m ta tande youn nenpòt lò». Fò m di ak tout kè m ke ou te pèsanifye dikton sa a anpil. Ou pa t pale pou te jis pale, ou te montre verite. Tout moun te kapab wè ke pawòl ak aksyon ou te gide kè ou pou ede limanite. Mwen fyè anpil pou tout sa ou te fè epi mwen pral sonje w anpil.» Lanmou kouzen ou yo.» **Eddy Moise Jr (Marietta, GA)**

Johnny te yon ajan polisye Ayisyen ki pase anpil èd tan ansanm avèk jenn nan Delray Beach. Olye l ta kraze yo lè yo te enplike nan dwòg ak gang, li te koute yo. Li te vle yo kwè nan tèt yo e ke yo ta kapab reyisi nan lavi. Rèv Johnny pou jenn yo, se te: genyen yon bèl demen.

Men sa kèk nan jennès di de Johnny:

«Ou te ede m lè pa t gen pesonn lòt moun ki pou ta fè sa. Menm jan ou te ede anpil lòt jennès tankou m, e poutèt sa mwen remèsye ou anpil e m ap toujou sonje ou.» **Chandler Garr (Wellington, FL)**

«Lè nou tout te pran nouvel la, nou pa t vle kwè l. Li te tèlman yon enspirasyon pou lavi nou. Li te asire l ke nou pa t tonbe nan akwochay epi konsantrè sou lavni nou. Nou voye kondoleyans sensè pou fanmi li. N ap sonje l anpil; nou p ap janm bliye l. Pun ap toujou rete nan kè nou ak nan lapriyè nou.» R.I.P. **Maxu, Willzor, Josier, Frandy, Dyana, Ranger, Lynda, Kerline, Ebony, Gulanda, Yves (Delray Beach, FL)**

Rèv Johnny, se te wè jèn Ayisyen sa yo grandi pou vin lidè kominote a demen. Se a sa li te dedye lavi l. Li menm, an kolaborasyon ak lòt moun, te fonde yon lekòl ki rele Delray Beach Youth Vocational Charter School. Johnny te pase pifò tan travay li la, kote l t ap ede jenn yo avèk tout kalite bagay ki konsène yo tankou: jwenn apatman pou elèv ki pa t gen kote pou rete, pale nan tribinal pou yo. Li menm jwenn yon chirijyen estètik lokal pou te kapab retire yon tatou pou youn nan elèv yo.

«Nou menm nan Omega Joshua Generation Counseling Service, Inc. ta anvi voye kondoleyans sensè pou fanmi Johnny. Nou te fè konesans avèk Johnny Delray Youth Vocational Charter School, sa gen dezan. Nou te travay ansanm avèk li e ak elèv li yo pou yo kapab kòmanse fè yo santi enpòtans tèt yo.» **Sheila Francis, Brenda Gardner, Janie Johnson, Jael Brown, Kathy Butler of The Omega Joshua Generation Counseling Service, Inc. (Delray Beach, FL)**

«Eritaj Johnny kite dèyè se sèvis kominote kòm yon bon ajan polis, kòm yon modèl pou jenn nou yo, kòm youn nan manm fondatè Delray Youth Vocational Charter School. Lavi anpil moun li touche e enflyanse pral sèvi kòm temwayaj pou tout tan. Johnny te yon bon moun.» **Rabbi Suzanne Carter (Delray Beach, FL)**

«Mwen te fè konesans Msye Pun lè lekòl li a te fèk ouvri. Li te anvi bay tigason mwen an yon kote an sekirite pou l ale. Byento apre, tigason m nan pa t ka fini akòz lòt pwoblèm. Menm lè tigason mwen an pa t kapab fini lekòl, kè ofisye Pun te ouvri tout bon vre pou l ede l. N ap sonje bon nèg sa a anpil.» **Shawn G (Boynton Beach, FL)**

Èske ou konnen kijan ou menm ou kapab fè yon diferans nan lavi lòt moun?

Lèfini, se pa ane lavi pa ou ki konte. Se lavi nan ane pa ou yo.

Abraham Lincoln.

Men yon ti mo **Rose Louissaint** (Lake Worth) ap ankouraje nou tout, pou n fè tout sa nou kapab nan lavi nou:

Fè tout sa ou kapab
pandan ou kapab
pou tout moun ou kapab
jouktan ou pa kapab

Epitou, men yon pwezi **Dominique Mondesir** (Delray Beach, FL) ki bay nou tout wè efè Johnny te fè nan lavi anpil moun:

**Lè solèy la ap leve e pandan l pral kouche,
N a sonje li.**

**Lè van an ap vante epi lè ivè fè frèt anpil,
N a sonje li.**

**Lè tout flè ap boujonnen e nan renesans prentan,
N a sonje li.**

**Lè n wè syèl la ble e nan chalè ete,
N a sonje li.**

**Lè fèy yo ap siye e lè bote otòn rive,
N a sonje li.**

**Nan kòmansman ane a e nan fen l,
N a sonje li.**

**Toutan n ap viv, li menm tou ap viv
paske l se moso nan nou, sa fè n sonje li.**

**Lè nou atriste e lè n bezwen fòs,
N a sonje li.**

**Lè nou twouble e lè n boulvèse,
N a sonje li.**

**Lè nou gen lajwa pou n pataje,
N a sonje li.**

**Lè nou gen desizyon difisil pou n pran,
N a sonje li.**

**Lè nou gen bagay pou n akonpli ki baze sou sa yo fè,
N a sonje li.**

**Toutan n ap viv, l ap viv tou
paske l se moso nan nou, sa fè n sonje li.**

Kisa ou kapab fè avèk lavi pa ou, pou kapab tankou Johnny?